знаний (тесты, задания, упражнения); интерактивное взаимодействие пользователей (форум, чат, обмен личными сообщениями). Основные задачи данного модуля – автоматическое создание пользователей, дисциплин, синхронизация доступа пользователей к дисциплинам. Эта информация формируется на основе данных о студентах, учебных группах, преподавателях и отрезках, которые хранятся в Информационно-аналитической системе.

Обучение происходит по графику, заданному преподавателем с использованием гибкого комплекта встроенных функций: форумы, рабочие тетради, тесты, ресурсы, опросы, анкеты, задания, чаты, практикумы. Преподаватель может самостоятельно определить шкалу оценок, а также получить полную информацию по каждому студенту с диаграммами посещаемости и деталями по каждому модулю, включая информацию о каждой работе студента.

Таким образом, широко известная в мире система дистанционного обучении Moodle позволяет преподавателю организовать обучение в процессе совместного решения учебных задач, а также производить взаимообмен знаниями. Используя Moodle, преподаватель может создавать собственные курсы практически по любым дисциплинам, наполняя их содержимым в виде текстов, вспомогательных файлов, презентаций, анкет и т.п.

**Литература**

1. Анисимов А.М. Работа в системе дистанционного обучения Moodle.Учебное пособие. –Харьков: ХНАГХ, 2008.

2.Бочков В.Е., Краснова Г.А., Филиппов В.М. Состояние, тенденции, проблемы и роль дистанционного обучения в трансграничном образовании: Учеб.пособие. – Москва: РУДН, 2008

3. Волженина Н.В.Организация самостоятельной работы студентов в процессе дистанционного обучения. учебное пособие. –Барнаул: Изд-во Алт. ун-та, 2008.

4. Ивкина М.В., Меркулов В.А., Меркулова Л.П. Обучение иностранному языку в системе MOODLE с применением информационных компьютерных технологий: учеб.пособие . -Самара: Изд-во СГАУ, 2012.

5. Лебедева М.Б., Агапонов С.В. Дистанционные образовательные технологии: проектирование и реализация учебных курсов. – Петербург: 2010.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу маколада модул тизимида масофали ўкитиш хакида сўз этилади.Ўкитишнинг ушбу тизимига кискача, таъриф берилади.Муаллифлар хулосаси шуки, ушбу тизим ўкитувчи ва талабалар ўртасидаги ўзаро муносабатни ташкиллаштиришга йуналтирилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается дистанционное обучение"Moodle".В статье даётся краткое содержание и описание данной системы обучения.В заключении авторы приходят к выводу, что эта система ориентирована на организацию взаимодействия между преподавателем и студентами.

**SUMMARY**

The article deals with the distance learning"Moodle". There have been given the content and description of this learning system in the work. The authors of the work come to the conclusion that this system is oriented to organize the interaction between a teacher and students.

## ИЛИМИЙ - ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИЗЕРТЛЕЎ МЕТОДЛАРЫ

**Х.Ешмуратов** - *магистрант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** илм, билим, илмий тадқиқот, метод, педагогик методлар, илмий методлар, кузатиш, эксперимент, ҳужжатларни ўрганиш, суҳбат, кўргазмали.

**Ключевые слова:** наука, познание, научное исследование, метод, педагогические методы, научные методы, наблюдение, эксперимент, изучение документов, беседа, наглядный метод.

**Key words:** science, knowledge (cognition), scientifie research, method, pedagogical methods, scintific methods, observation, experiment, learning of documents, discussion, visual method.

*Илим ҳәм ағартыўшылық – бәрҳа жас, бәрҳа наўқыран.*
*И. Каримов*

«Илим» арабша сөз болып, оқыў, үйрениў ҳәм өмир тәжирийбелери тийкарында деген мәнилерди аңлатады. "Илим объектив ҳақыйқатлықты билиўге ҳәм қайта өзгертиўге қаратылған адамзат ҳәрекетиниң тарийхый қәлиплескен искерлиги. Илим бир ўақытта билимлер системасы болып, оның тийкарында пайда болатуғын руўхый искерликтиң, әмелий өндиристиң түп сағасы.

Ол көп қырлы қоспалы жәмийетлик қубылыс: Жәмийеттен тыс илим пайда болмайды ҳәм раўажланбайды, лекин илимсиз жәмийет те раўажланбайды. Оның өзиниң раўажланыўының жоқары басқышына шығыўы илимсиз мүмкин емес. Материаллық өндиристиң талабы илимниң раўажланыўын белгилейди ҳәм оны изертлеўдиң бағытын көрсетеди, илим өз нәўбетинде жәмийеттиң раўажланыўына тәсир етеди" – дейди академик Ж. Базарбаев [1:184].

Ал, билим болса инсанлардың тәбият ҳәм жәмийет ҳәдийселери ҳаққында пайда болған мағлыўматлары. Ҳақыйқатлықтың инсан ойында сәўлелениўи. Күнделикли турмыста қыялымызда нениң не екенлигине исенсек ҳәм бул исенимимиз биз әдетленген ҳәдийселерге ҳәм қағыйдаларға қайшы келмесе бундай исеним билим есапланады. Ҳақыйқатлық ҳаққындағы билген мағлыўматларымыз билим дәрежесине көтерилиўи ушын төмендеги шәртлерди қанаатландырыўы шәрт. Биринщиден, бул мағлыўматлардың ҳақыйқатлыққа сәйкеслиги. Екинщиден, жетерли дәрежеде исенимли болыўы. Үшиншиден, бул мағлыўматлар дәлийлленген болыўы шәрт. Үш шәрт биргеликте барлық мағлыўматларды билим дәрежесине алып шығады. Илим менен билимли адам шуғылланады. Академик Ж. Базарбаев: "Билимли адам интеллектуаль ҳәм кишипийил адам. Себеби, билим–ақылдың дереги. Билимлилик – ақыллылық, әдеплилик, өнерлилик, жетиклик дегенди аңлатады.

"Адам ақылының шырағы – билим,
Бәледен сақлаўдың жарағы – билим,
Билимнен жақсырақ ғәзийне болмас,
Ол – бир тасқын булақ суўы таўсылмас."

Бул белгили данышпан Абдуллах Рудакийдиң билимли адамның жәмийетлик аўҳалы, өмирдеги орны ҳәм турмыстағы хызмети, өзине ылайықлы пүткиллей артықмаш болатуғынлығын көрсетеди" – деп жазған еди [4:149].

Илим изертлеў де методлардан пайдаланыў оғада әҳмийетли. Метод (грекше metodos – билиў ямаса изертлеў жолы, теория, тәлиймат) – ҳақыйқатлықты әмелий ҳәм теориялық жақтан ийелеў, өзлестириў, үйрениў, билиў ушын жол – жобалар, усыллар жыйындысы, философиялық билимлерди жаратыў ҳәм тийкарлаў усылы.

Методтың келип шығыў тарийхы инсанлардың әмелий искерлигине байланыслы болады. Бир исти орынлаў методын ийелеген инсан бул исти басқаларға қарағанда аңсат, тез ислей алады. Методты ийелемеген инсан бул исти ислеў ушын көп ўақыт күш жумсайды. Метод мазмуны жағынан әмелий ямаса теориялық формада болыўы мүмкин. Инсанның әмелий искерлигине тийисли методлар ҳақыйқатлыққа тән болған нызамлылықларды түсинип жетиў, билим алыўға тийкарланады. Методлар ҳаққындағы тәлиймат пәнде методология деп аталады. Инсан дәслеп әтираптағы нәрсе – ҳәдийселерди бақлаў, оларды бир – бири менен салыстырыў, уқсатыў, тийкарында ҳақыйқый билимлерди ийелеп барған. Ҳақыйқатлық ҳаққындағы пәнлер раўажланыўы менен пәнлерде қолланылатуғын жол – жобалар, методлар да қурамаласып барады. Пәнниң әмелий (эмпирик) ҳәм теориялық методлары пайда болған. Илимий методлардың тийкарғы мазмунын әмелде сыналған илмий теориялар қурайды. Ҳәр қандай илимий теория мазмуны жағынан метод функциясына ийе болып табылады. Метод өз орнында, жаңа илимий теориялар ҳәм нызамлылықлардың ашылыўына қурал болады. Усы көзқарастан метод пенен илимий теория функциясына қарай өз алдына өзгешеликлерге ийе илимий әмел болып табылады.

Философия ҳәм пәнлер тарийхында илимий методтың мәнис – мазмунын изертлеў, жаңадан – жаңа методларды ойлап табыў өз алдына әҳмийетке ийе. Ҳәр қандай уллы илимий ашылыўлар менен бир қатарда илимпаздың бир жаңалықты ашыўда қолланған илимий методы көбирек әҳмийетке ийе, себеби басқа илимпазлар бул илимпаз қолланған илимий методқа тийкарланып, көплеген ашылыўларды ойлап табыўы мүмкин. Билиў методлары ҳақыйқат-

лықтың көлемине қарай 3 түрге бөлинеди: улыўмалық билиў методлары – барлық пәнлерде де билиўдиң барлық басқышларында да қолланылатуғын улыўмалық ҳәм универсал методлар – методология: улыўма билиў методлары бир неше ямаса барлық пәнлерде қолланылатуғын ҳәм билиўдиң белгили басқышы (эмпирик, теориялық ямаса эмпирик басқышынан теориялық басқышына өтиў шегарасында қолланылатуғын билиў методлары; жеке ямаса арнаўлы методлар – айырым пән көлеминде қолланылатуғын билиў методлары.

Орта Азия илимпазларынан Фарабий, Хорезмий, Беруний, Ибн Сино ҳәм басқалар пән методларын раўажландырған. Хорезмий гейпара илимпазлар илимий ашылыўларды ойлап табыўда қолланылатуғын жол – жоба ҳәм усылларды ислеп шығып, басқа илимпазлардың илимий излениўлерин аңсатластырады, – деп жазғанында, мине усындай методларды ислеп шығатуғын илимпазларды нәзерде тутқан еди.

Европа философ илимпазлары да методлардың раўажланыўына салмақлы үлес қосқан. Ф. Бекон, Г. Галилей, Р. Декарт, Г. Лейбниц сыяқлы философлар методлар ҳаққында арнаўлы шығармалар да жазған. Ҳәзирги заман пәнлеринде көплеген улыўмалық ҳәм жеке методлар қолланылады [3:460,461].

Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен илим ғайраткери, академик Ж.Базарбаев илим изертлеўге, илимпаз болыўға зәрүр қәсийетлер қандай болыўы керек деген мәселеде төмендегилерди келтирип өтеди:

“Бириншиден, бул адамдағы серлилик, яғный зийреклик, дыққатлылық қәсийет. Турмыста серли емес адамлар көплеп ушырасады. Ал илимге баслайтуғын жол тек серлилик.

Екинши қәсийет зийреклердиң яды күшли болыўы керек. Еслеўи төмен, ядында ҳеш нәрсе турмайтуғын болса илим изертлеўде қыйын болады.

Үшиншиден, зийрек ҳәм инталы болыў ушын айтылған гәплерди тыңлап билиў оғада зәрүр. Сөзди бөле бериў ҳәлсизликтиң белгиси. Соның ушын да “Тил биреў, қулақ екеў”, көп сөйлеў илимге келиспейди.

Төртиншиден, илим изертлеўдиң ең әҳмийетли қағыйдасы скептицизм. Яғный гүманланып қараў, қандай адам айтпасын ол фактты, шешимди тексерип көриў керек болады.

Бесиншиден, ўақыттан үнемли пайдаланыў табысқа жеткизеди. “Ўақтың кетти, бахтың кетти” дейди халқымыз” [2:134,138].

Демек, халық сөзи менен айтқанда “илим менен шуғылланыў ийне менен қудық қазғандай” қыйын мәселе болып, ҳәмме де илимпаз бола алмайды екен. Илимпаз болыў ушын жоқарыдағы қәсийетлерге белгили дәрежеде ийе болыў керек. Бул қәсийетлерге ийе болған адам илимий изертлеў методларынан кең түрде, өз орнында пайдалана алады ҳәм келешекте илимниң раўажланыўына өз үлесин қосады десек қәтелеспеген боламыз.

Илим теңизи бул шексиз тереңликке ийе. Қанша изертлесең, терең кирип барсаң билмеген нәрселериң көп екенлигин, еледе тереңирек түсиў керек екенлигин сезип барасаң.

Тәрбия менен байланыслы искерликти, тәжирийбелерди үйренбей ҳәм оларды улыўмаластырмай, педагогикалық процесслерди терең изертлеместен, методиканы раўажландырып болмайды. Бүгинги күнде тәлим – тәрбия нәтийжелиги педагогиканы илимий билиўдиң улыўмалық методы менен байланыслы. Бирақ, басқа ҳәр қандай илимлерде болғаны сыяқлы педагогика илиминиң де өзине тән изертлеў методлары бар.

Илимий изертлеў методлары – бул нызамлы байланысларды, дискуссиялы сәўбетлерди, байланысларды үйрениў ҳәм илимий теорияларды дүзиў мақсетинде илимий хабарларды алыў усыллары есапланады. Бақлаў, тәжирийбе, барлық ҳүжжетлер менен танысыў, үйрениў, сәўбет ҳәм сораўнамалар өткериў илимий педагогикалық изертлеўлер методлары қатарына киреди.

Бақлаў методы – бақлаў нәтийжелерин жазып алыў арқалы педагогикалық процессти белгили мақсет жолында бағдарлинған жағдайда изертлеўден ибарат. Бақлаў методынан оқыў – тәрбия ислериниң белгили бир тараўда қандай әмелге асырылып атырғанлығын үйрениў ушын қолланылады. Бул оқытыўшы педагог ҳәм оқыўшылар ушын анық материаллар топлаў имканиятын береди. Бақлаў анық бир мақсетти нәзерде тутқан жоба тийкарында узақ ямаса қысқа ўақыт аралығында даўам етеди. Бақлаўдың барыўы, ўақыялар, дәлийллер, ой - пикирлери күнделикке жазылып барылады.

Эксперимент – арнаўлы шөлкемлестирилген изертлеўши тәрепинен қадағаланып туратуғын шараятта өткериледи. Педагогикалық эксперимент алып барылған қислер процессинде кәсиплик қызығыўшылықларды тәрбиялаўдағы усыл ҳәм көрсетпелердиң нәтийжелилигин изертлеўде қолланылады. Изертлеўши эксперимент өткериўден алдын изертлениўи керек болған мәселелерди анық белгилеп алыўы, усы мәселелерди шешиў әмелде болыўы ҳәм педагогика пәни ушын әҳмийетке ийе болыўы керек. Изертлеўшиниң анық материалларда алжасыб кетиўине жол қойылмаўы зәрүр.

Педагогикалық изертлеўлердиң кең тарқалған методларынан бири оқыўшылардың көзқараслары ҳәм өзлестириў нәтийжелерин есапқа алыўшы ҳүжжетлерди үйрениўден ибарат. Оқыўшылардың ислери оларды дәстүрдиң айырым бөлимлери бойынша таярлық дәрежесин анықлаў, искерликтиң белгили ўақыт даўамында өсиўи ҳам раўажланыўын бақлаў имканиятын береди. Оқыўшылар ислеген жумысларын жазба ҳүжжет тийкарында тексериў арқалы әмелге асырылады.

Педагогикалық изерлеўлерде сәўбет методынан да пайдаланылады. Бул методтан пайдаланыў бақлаўдан алынған мағлыўматларды толықтырыўшы ҳәм анықлаўшы материаллар алыў, экспериментал тапсырмаларды әмелге асырыў имканияты жүзеге келеди. Бул метод жәрдеминде оқыўшылар менен қатнас жасаў, олар менен еркин түрде сәўбетлесиў имканиятын береди. Сәўбет ушын өткизилетуғын илажлардың мақсетин белгилеў, бағдарламасын ислеў, бағдарын ҳәм методикасын анықлап алыў әҳмийетли. Сәўбет методы әлбетте сораў – жуўаплар тийкарында өткериледи. Қандайда бир мәселеге болған пикирлерди анықлаў, оларды топлаў талап етилген жағдайда педагоглар усы методдан пайдаланады.

Аўызеки методлар – қысқа ўақыт ишинде көлеми бойынша көп мағлыўматларды бериў, оқыўшылар алдына машқалалар қойыў, оларды шешиў жолларын көрсетиў имканиятын береди. Бул методлар оқыўшылардың көз карасларын қәлиплестириўге ҳәм раўажландырыўға оғада көп тәсир жасайды.

Көргизбели методлар–оқыўшылардың көргизбелер тийкарында билимлер алыўына имканият береди. Қоршаған орталықтағы предмет ҳәм қубылыслар ҳәм олардың моделлери бақлаў объекти есапланады. Бул методтан пайдаланыўда ҳәмме ўақыт көргизбени педагогтың түсиндириўи менен биргеликте алып барылады.

Еплилик ҳәм көнликпелерди, көзқарасларды қәлиплестириў ҳәм қурамаластырыў процеси менен байланыслы болған методлар искерлигиниң әмелий методлары есапланады. Бул методларға аўызеки шынығыўлар, әмелий өз бетинше излениў, шынығыўлар киреди.

Жоқарыда көрсетип өтилген илимий – педагогикалық методлар ҳәр бир илим жолына енди кирип киятырған жас илимпазлар ушын бул жолларды жарытыўшы жулдызлар ўазыйпасын өтейди ҳәм илимпаздың сүрникпей, адаспай өз мәнзилине қарай жүриўин тәмийинлейди.

**Әдебиятлар**

1. Базарбаев Ж. Әдеп философиясы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2010.
2. Базарбаев Ж. Миллий идея – жол көрсетиўши жулдыз. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011.
3. «Ўзбекистон миллий энциклопедияси». www.ziyouz.com кутубхонаси «М» ҳарфи.
4. Қәдириятлар – мәнәўият арнасы. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2013.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада илмий – педагогик тадқиқотларнинг асосий методларининг мазмун моҳияти ва тадқиқот самарадорлигини таъминлашдаги аҳамияти очиб берилган. Шунингдек, илмий тадқиқот ишлари билан шуғулланувчи инсонларнинг зарур маънавий – интеллектуал фазилатларига эътибор қаратилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются сущность и содержание основных методов научно – педагогических исследований и их значение в обеспечении эффективности исследований. Кроме того указываются духовно – интеллектуальные качества, необходимые человеку, занимающемуся научным исследованием.

**SUMMARY**

The article deals with the essence and content of the main methods of scientific- pedagogical investigations and their significance in ensuring the effectiveness of the research. The author of the article distinguishes spiritual and intellectual qualities necessary for a person who deals with the scientific research work.